

2017 nimewo 1

Health Plan Accredited by



Mwayen transpò piblik yo disponib pou manm Prestige Health Choice yo

Transpò piblik se yon mwayen ki efikas pou w rive kote y ap ba w sèvis swen sante ou bezwen yo. Li fasil.

Jis rele ekip trasnpò piblik nou an nan **1-855-371-3968** epi l ap ede w. L ap mande w enfòmasyon sou kote ou bezwen ale a pou resevwa sèvis swen sante w yo, tankou adres biwo doktè w ak dat randevou w la. L ap ede w jwenn pas bis yo rapid.

Poukisa pou m ta pran bis la?

- Se yon mwayen transpò ou ka fè konfyans.
- Gen anpil wout bis la fè ou ka chwazi.
- Ou ka chwazi wout ou vle suiv la pou ale nan randevou w e pou retounan lakay ou.
- Ou ka sèvi ak pas la pou plis trajè toutotan ki poko ekspire.
- Si w ap deplase ak youn oswa ak plizyè timoun ki pozo gen 12 an, ou ka jwenn pas pou yo.
- Transpò piblik yo gen aksè pou moun ki andikape yo.

Ou la rilaks sou bis la epi ou ka rive kote w vle rive a avèk mwens strès. Èske w te konnen moun ki sèvi ak transpò piblik yo ka gen pi bon sante paske yo mache plis e sa fè yo vin pi anfòm? Annou rete an sante!

Sistèm transpò piblik ki nan zòn kote w rete a:

Fort Myers: LeeTran
 Gainesville: Regional TS
 Miami: Miami-Dade Transit
 Orlando: Lynx
 West Palm Beach: Palm Tran
 Tallahassee: StarMetro
 Tampa/St. Pete: HART
 Pinellas: Suncoast TA



Rele nan **1-855-371-3968** pou jwenn plis enfòmasyon.



Enfòmasyon pou manm ki kalifye pou de pwogram ak Medicare

Mwen se yon manm ki kalifye pou de pwogram (Medicare ak Medicaid), men mwen pa enskri nan pwogram Medicare Part D. Ki jan sa afekte m?

Manm Prestige ki kalifye pou de pwogram ak Medicare Part A ak Part B dwe enskri nan Medicare Part D pou nou ka peye pou medikaman sou preskripsiyo yo.

Manm ki pa enskri nan yon pwogram Medicare Part D kounye a ka resevwa èd.

Pwogram Centers for Medicare & Medicaid Services, ki rele "Li-Net", sètadi pwogram Limited Income NET Medicare, ka ede manm ki kalifye pou de pwogram yo e ki gen Medicare san Part D ak Medicaid jwen medikaman yo. Pwogram nan se yon plan asirans tanporè pou medikaman sou preskripsiyo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Medicare Part D, tanpri rele Medicare nan **1-800-Medicare (1-800-663-4227)** oswa ale nan sit Entènèt medicare.gov. Pou jwenn èd tousuit pou medikaman sou preskripsiyo, rele Li-Net nan **1-800-783-1307**.



Fason sezon grip la afekte w

Vaksen kont grip (piki) moun pran chak sezon pwoteje yo kont virus grip la ki gaye tout kote pandan sezon k ap vini an. Vaksen kont grip yo lakòz antikò develope anndan kò w pandan anviwon 2 semèn apre w pran vaksen an. Antikò sa yo pwoteje w kont enfeksyon yo grasa virus ki anndan vaksen an.

Kiyès ki ta dwe vaksine?

Tout moun ki gen 6 mwa oswa plis ta dwe pran yon vaksen kont grip bonè nan sezon otòn, anvan sezon grip la kòmanse.

Ki lè mwen ta dwe pran yon vaksen?

Ou bezwen yon piki kont grip poutèt:

- Fason sistèm iminitè kò a reyaji grasa vaksen yo vin pèdi efikasite l avèk letan.
- Virus grip yo chanje. Yo egzamine fòmil vaksen an chak ane, e pafwa yo konn mete l ajou pou adapte l ak virus yo ki chanje. Vaksen kont grip la ta dwe kòmanse kou vaksen yo disponib, sètadi nan mwa oktòb si sa posib. Byenke epidemi grip sezon an gendwa kòmanse depi ann oktòb, se apati mwa janve oswa apre sa li fè plis ravaj.

Èske vaksen kont grip la kòmanse travay tousuit?

Non. Kò a kòmanse pwodui antikò apre anviwon 2 semèn. Se pou rezon sa a li pi bon pou pran vaksen nan sezon otòn, anvan sezon grip la kòmanse toutbon, men menm si w ta pran yon vaksen an janve oswa an fevriye, sa ka ede w kanmenm.

Ki kote m ka pran yon vaksen kont grip?

Gen anpil kote ki bay vaksen kont grip, tankou nan biwo pwofesyonèl sante, nan sant sante kominate, nan depatman sante, nan famasi e menm nan kèk lekòl.

Rele PCP ou a pou pran yon randevou. Si w bezwen èd oswa si w gen kesyon, rele Sèvis Manm nan **1-855-355-9800**.

Sous: www.cdc.gov/flu/protect/keyfacts.htm

Èske w te konn sa?

Jounal sante pou manm Prestige yo disponib tou sou sit Entènèt nou an. Ale sou www.prestigehealthchoice.com pou jwenn Jounal sante pou manm yo, 2017, nimewo 1, ann anglè, ann espayòl oswa an kreyòl.



Egzamen se yon bagay ki enpòtan pou timoun yo devlope an sante

Premye ane lavi pitit ou enpòtan anpil pou sante li. Lè w mennen l kay doktè prensipal li a (primary care provider, PCP) regilyèman, li ka detekte chanjman ki fèt nan sante pitit ou anvan yo vin grav. Li pi fasil pou trete pwoblèm sante yo si yo dekouvre yo bonè.

Èske se lè pou mennen pitit mwen kay doktè pou egzamen l lan?
Rele PCP pitit ou a pou pran yon randevou.



Timou yo sipoze resevwa yon egzam sante lè yo fèt, nan twa a senk jou pou tibebe ki egzeyate mwens pase 48 èdtan apre akouchman an, epi apre sa, nan 1, 2, 4, 6, 9, 12, 15, 18, 24 ak 30 mwa. Timoun ak adolesan ki gen ant 3 an ak 20 an ta dwe fè yon egzamen yon fwa pa an.

Ou ka mande yon egzamen sante pou pitit ou nan lòt lè tou si w panse pitit ou bezwen sa. i w gen kesyon oswa si w bezwen èd pou pran yon randevou, rele ekip repons rapid la nan **1-855-371-8072**.

Evalyasyon nouveau teknoloji

Prestige egzamine dènye pwosedi, medikaman, aparèy ak metòd ki parèt pou detèmine si yo pral amelyore rezulta nan domèn medikal. Prestige itilize kritè li defini yo pou:

- Fè analiz syantifik epi bay opinyon pou pi byen konprann kesyon konpléks ki gen rapò ak teknoloji.
- Devlope politik medikal li yo pi byen.

Tanpri rele Sèvis manm nan **1-855-355-9800** pou jwenn plis enfòmasyon.

Nou bay swen w yo anpil atansyon

Ekip jesyon itilizasyon Prestige Health Choice gen ladan 1 enfimyè, direktè medikal ak famasyen. Ekip la egzamine demann pwofesyonèn sante nou yo voye nou pou otorizasyon sèvis. Nou egzamine demann sa yo pou detèmine si sèvis y ap mande yo apwopriye nan domèn medikal. Pwosesis sa a gen yon egzamen nesesite medikal ladan 1. Sa vle sèvis medikal la nesesè pou konnen ki pwoblèm ou genyen, pou soulaje doulè w oswa pou anpeche w tonbe malad.

Pou fè egzamen nesesite medikal la, nou itilize:

- Nòm medikal ki aksepte nan tout peyi a.
- Enfömasyon medikal, tankou avantaj Medicaid ou yo ak enfömasyon klinik ki soti nan pwofesyonèl sante w la.

Prestige pa rekonsanse pwofesyonèl oswa etablisman sante ki refize, limite oswa retade yon avantaj oswa yon sèvis swen sante. Mete sou sa, nou pa bay pèsònèl nou an okenn peman motivasyon pou desizyon yo pran sou nesesite medikal sèvis yo oswa sou avantaj yo, menm si desizyon yo pran yo fè nou peye mwens lajan pou swen sante ak sèvis yo.

Ou ka rele liy telefòn enfimyè lè w pa kapab kontakte pwofesyonèl sante w la oswa lè w pa lakay ou. Liy telefòn enfimyè a disponib 24 è sou 24, 7 jou sou 7, nan **1-855-398-5615** si w gen kesyon oswa pwoblèm an rapò ak sante w.

Jan avantaj famasi w yo mache

Doktè w ap ekri yon preskripsyon pou yon medikaman famasyen w lan pral remèt ou. Pwofesyonèl sante yo ta dwe konsilte lis medikaman nou prefere yo (Preferred drug list, PDL) pou konnen ki fòmil medikaman nou prefere. PDL la disponib sou sit Entènèt nou an nan www.prestigehealthchoice.com. Rapò rezime chanjman yo, ki gen dènye chanjman nou pote nan lis medikaman nou prefere yo, disponib sou sit ahca.myflorida.com/medicaid/Prescribed_Drug/pharm_thera/fmpdl.shtml. Ou pap peye anyen pou medikaman sou preskripsioun nou peye pou yo. Montre kat idantifikasiyon manm ou an lè w al chèche medikaman sou preskripsioun w yo. Si w gen kesyon, rele Sèvis famasi pou manm yo nan **1-855-371-3963** pou jwenn èd.

Otorizasyon alavans (pre-approval)

Pwofesyonèl sante w mande yon otorizasyon pou yon medikaman ki pa nan PDL la oswa ki mande yon otorizasyon alavans. Pwofesyonèl sante w la ap gen pou 1 voye yon fòmilè demann otorizasyon alavans ban nou. N ap egzamine demann nan epi n ap fè pwofesyonèl sante w la konnen desizyon nou.

Si Prestige pa otorize medikaman an, n ap voye yon lèt ba w pou di w poukisa. Lèt la ap fè w konnen fason ou ka depoze yon apèl si w ta renmen fè sa.



Kontwòl dyabèt

Pa gen gerizon pou dyabèt la pou kounye a. Sepandan, gen yon bagay pozitif: ou ka kontwole dyabèt la lè w ekilibre manje w manje yo avèk egzèsis ak medikaman, si yo ba w preskripsioun pou sa. Sa ap ede w jere pwa w epi kontwole glikoz nan san w (nivo sik nan san w). Glikoz nan san w se prensipal sik ki nan san w e se li ki pi gwo sous enèji kò a. Si w gen dyabèt, ou gen pou mezire nivo sik ki nan san w lan regilyèman. Ou ta dwe pale ak doktè w pou deside chak ki lè w ap fè sa.

Yon fason ou ka konnen si plan tretman w lan travay se mande pwofesyonèl sante w mande yon analiz san HbA1C. Analiz sa a montre si w te byen kontwole nivo sik la nan san w nan de twa dènye mwa ki sot pase yo. Yon moun ki pa gen dyabèt sipoze gen yon nivo HbA1C ant 4 poustan ak 5.6 poustan. Yon moun ki gen yon nivo HbA1C ant 5.7 poustan ak 6.4 poustan gen plis chans gen dyabèt. Yon nivo 6.5 poustan oswa plis vle di moun nan gen dyabèt.



Tanpri rele Prestige nan **1-855-371-8072** si w bezwen èd pou jere dyabèt ou. Epitou, nou ka ede w pran randevou w yo.



HEALTH CHOICE®

Leading the Way to Quality Care

11631 Kew Gardens Ave.
Ste. 200
Palm Beach Gardens, FL 33410

Health and wellness or prevention information

Información de salud y bienestar o preventiva

Enfòmasyon prevansyon ak enfòmasyon konsènan sante ak byennèt

Consumer Assessment of Healthcare Providers and Systems (CAHPS®)

Pa blye! Nan yon ti tan, yon gwoup manm nou seleksyone o aza ap resevwa yon anvlop koulè jòn vif nan lapòs. Li gen sondaj CAHPS nou voye chake ane a ladan l. Sondaj CAHPS la mezire satisfaksiyon w ak plan nou an. Gen yon vèsyon pou timoun ak yon vèsyon pou adilt. Tanpri ranpli li epi voye l retounen si w resevwa l.

Sa pa gen lontan, Prestige te jwenn yon pi bon nòt pase nan ane anvan an nan kategori "Evaluación especializada" nan sondaj pou adilt yo. Nòt la te 78 pouasan e li vin monte nan 83 pouasan. Mete sou sa, Prestige te jwenn yon pi bon nòt pase nan ane anvan an nan kategori "Jwenn swen yo rápido" nan sondaj pou timoun yo. Nòt la te 84 pouasan e li vin monte nan 87 pouasan. Prestige vle w satisfè ak plan sante w la.



Èske w bezwen yon lòt lang?

This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800** or TTY/TDD **1-855-358-5856**, 24 hours a day, 7 days a week.

Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Comuníquese con nuestro número de servicio al cliente al **1-855-355-9800** o TTY/TDD **1-855-358-5856**, las 24 horas del día, los 7 días de la semana.

Enfòmasyon sa a disponib gratis nan lòt lang. Tanpri rele sèvis kliyan nou an nan nimewo **1-855-355-9800** oswa **1-855-358-5856** pou moun ki pa tandé byen, 24 sou 24, 7 sou 7.